

Direktiv Davans pou Pasyan Laj 18 Lane oswa Plis



Gen yon mo pou w di nan fiti swen medikal ou. Pataje volonte w avèk moun pwòch ou yo ak ekip swen sante w.

Ou gen dwa pou w ranpli yon fòm yo rele yon Direktiv Davans. Fòm lan eksplike alavans kijan ou ta vle yo ba w swen si yon pwoblèm medikal grav vin rive ki ta anpeche w di doktè w kijan ou vle yo trete w. Pa egzanp, si yo te mennen w nan yon etablisman swen sante nan koma, kisa ou ta vle estaf etablisman an konnen pandan y ap pran desizyon konsènan swen w yo?

Kisa yon Direktiv Davans ye?

Yon Direktiv Davans se yon deklarasyon alekri oswa aloral epi ki fèt avèk temwen anvan yon maladi oswa blezi grav, ki endike fason ou vle yo pran desizyon medikal yo. Gen diferan kalite direktiv davans, ki gen ladan:

- Yon "testaman lavi" epi
- Deziyasyon ranplasan pou swen sante

Yon Direktiv Davans pèmèt ou fè konnen desizyon ou konsènan swen sante oswa pèmèt ou nonmen yon moun pou pran desizyon sa yo pou ou, si w vin pa kapab pran desizyon sou pwòp tretman medikal ou.

Kisa yon Testaman Lavi ye?

Yon testaman byolojik endike anjeneral ki kalite swen medikal ou vle oswa ou pa vle sizoka ou vin pa kapab pran pwòp desizyon ou.

Yo rele l yon "testaman byolojik" paske li antre anvigè pandan ou vivan toujou. Lwa Florid la bay yon fòm ki sijere pou yon testaman byolojik. Ou ka itilize fòm sa a oswa lòt modèl testaman byolojik yo. Genyen aladispozisyon w yon fòm Nicklaus Children's Hospital konsevwa. Ou ta dwe pale avèk yon avoka oswa yon doktè pou w sèten ou te ranpli testaman lavi a nan yon fason pou yo konprann dezi ou yo.

Kisa yon Deziyasyon Ranplasan pou Swen Sante ye?

Yon deziyasyon ranplasan pou swen sante se yon dokiman ki siyen, ki gen dat epi avèk temwen, ki nonmen yon lòt moun tankou yon paran, zanmi, mari, madanm oswa zanmi pwòch kòm ajan w pou pran desizyon medikal pou ou, si w vin pa

kapab pran yo pou tèt ou. Ou ka mete ladan kòmmandman pou nenpòt tretman ou vle pran oswa ou vle evite. Lwa Florid bay yon fòm yo sijere pou deziyasyon ranplasan pou swen sante. Ou ka itilize fòm sa oswa kèk lòt fòm, pa egzanp youn ki disponib pou ou nan Nicklaus Children's Hospital. Ou ta dwe nonmen yon dezyèm moun pou reprezante w, sizoka premye reprezantan w lan pa disponib.

Kisa ki Pi Bon?

Ou ta dwe gen toude, ni yon Testaman Lavi ni yon Deziyasyon Ranplasan Pou Swen Sante, oswa mete yo ansanm nan yon sèl dokiman ki dekri chwa tretman ou nan divès kalite sitiyasyon, epi nonmen yon moun ki pou pran desizyon pou ou sizoka ou pa kapab pran desizyon yo pou tèt ou.

Poukisa Mwen Ta Dwe Ranpli yon Direktiv Davans?

Direktiv davans yo kapab pwoteje moun ki malad anpil epi ki pa kapab kominike. Yo ka ede w kontwòle kontwòl sou swen sante w yo. Eitou yo soulaje moun pwòch yo ak fado pou yo devine kisa ou ta vle yo fè.

Èske Mwen Oblije Ekri yon Direktiv Davans dapre Lwa Florida?

Non, pa gen okenn egzijans legal pou ou ranpli yon Direktiv Davans. Sepandan, si ou pa te fè yon Direktiv Davans oswa ou pa te deziyen yon ranplasan pou swen sante, yon gadyen tribinal nonmen pou ou, paran w, frè/sè w ki granmoun, mari/madanm ou, fanmi w ki granmoun, oswa zanmi pwòch ou ka pran desizyon sou swen sante yo pou ou. Yo dwe rele moun sa a yon mandatè.

Èske M Ka Chanje Lide Apre M Fin ekri yon Testaman Lavi oswa m Fin Deziyen yon Ranplasan Pou Swen Sante?

Wi, ou ka chanje oswa anile dokiman sa yo nenpòt lè. Li enpòtan pou w repase dokiman yo regilyèman pou asire w yo montre klèman panse w ak volonte w gen kounye a. Tout chanjman yo dwe fèt alekri, yo dwe siyen epi gen dat. Ou kapab chanje yon Direktiv Davans tou pa mwayen deklarasyon aloral.

E Si M Te Ranpli Yon Direktiv Davans Nan Yon Lòt Eta epi M Bezwen Tretman nan yon Etablisman Swen Sante Nan Florid?

Yo kapab respekte nan Florid yon Direktiv Davans ki ranpli nan yon lòt Eta, an konfòmite avèk lwa lòt Eta a.


Kisa M Dwe Fè Avèk Direktiv Davans Mwen An si M Chwazi Pou M Gen Youn?

Asire w yon moun tankou doktè w, avoka oswa manm fanmi w konnen ou gen yon Direktiv Davans epi kikote li ye. Konsidere sa ki annapre la a:

- Si w te deziyen yon ranplasan pou swen sante, bay moun sa a yon kopi dokiman an.
- Bay doktè w yon kopi Direktiv Davans ou pou dosye medikal ou.
- Kenbe yon kopi Direktiv Davans ou nan yon kote ou ka jwenn li fasil.
- Kenbe yon kat oswa yon nòt nan valiz ou oswa nan bous ou ki endike ou gen yon Direktiv Davans epi kikote li ye.
- Si w chanje Direktiv Davans ou, asire w doktè w, avoka ak/oswa manm fanmi w gen kopi ki pi resan an.

Apre w fin egzamine enfòmasyon ki sou Direktiv Davans yo, ou mèt monte sou lyen paj wèb lopital nou an, epi telechaje Direktiv Davans lan nicklauschildrens.org/AdvancedDirectives. Si w petèt gen yon kesyon, tanpri kontakte Operatè Nicklaus Children's lan nan 305-666-6511 Ekstansyon 0, kote operatè a pral konekte w avèk yon travayè sosyal oswa yon lidè pou reponn kesyon w lan pi byen.

Referans: Chapit 765 nan Lwa Florid yo



**Nicklaus
Children's
Hospital**

Where Your Child Matters Most